Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 6 (7809)
8 Февраль
Хамиз
2024 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

РДялъул лъай кьеялъул министр-районалда

## Лъай кьеялъул суалгун



улкаялда церехун риччарал гIунгутIабаз лъай кьеялъулъ камиллъи гьечIолъи лъугьун бугин.

Киналго школазул директоразе щвана кьучIдасан лъай кьей лъикIлъизабиялде руссарал рекомендациял. Министрасул лъай кьеялъул рахъалъ тIоцевесей зам. Аида ТIалхIатовалъ рихьизаруна гьеб рахъалъ республикаялда ругел загIипал рахъал, гьенирго кьуна лъикI хIалтIи гIуцIиялъе рихьизариял. Гьелъ тIад чIей гьабуна лъимадул гьунар цебе тIеялъе гьабулеб хIалтIи аслияб бугин жакъа улкаялда,-абун. Гьенибго тIадчIей гьабуна лъималазе батIи-батIиял къецал



Лъай кьей лъикIлъизабиялъе В. Путиница цере лъолел масъалабазда хурхун данделъи ахIана гьал къоязда РДялъул лъай кьеялъул министр Я. Бучаевас районалда. Гьоркьоб лъураб суалалда гъоркье кколел учреждениязул киналго нухмалъулез гIахьаллъи гьабуна гьениб.

Аслияб къагIидаялъ министрас кIвар буссинабуна цебе бугеб хIасилалъулаб аттестациялде. Жиндирго саламалъулаб каламалда министрас бихьизабуна хIаял ва цогидалги тадбирал гьариялде; бажари бугел лъималазда тIад чIезе ккелинги бихьизабуна гьелъ. Гьенибго т1адч1ей гьабуна тIадеги лъай кьеялъул учреждениязул хIалтIи лъик1лъизабиялда.

Гьенивго кIалъазе вахъаравго РайОНОялъул нач. М. МухIамадовас бихьизабуна жакъасеб дандчIваялъ лъикIаб кумек гьабилин районалъул лъай кьолезе,- абун.

ДандчIваялда хIалтIулъ лъикIал хIасилал ругел педагогазе кьуна шапакъаталги.

Лъай кьей

## ГIолеб гIелалъе лъай кьеялде-кIвар




Дагьаб цере къоязда республикаялъул бетIер С.Меликовас лъай кьеялъул ва гIелмиялъул гIадамазул данделъи т1обит1ана. Унсоколо районалдаса данделъиялда гIахьаллъана районалъул бетIер Г. НурмухIамадов, районалъул эбел-инсул комитеталъул пред. Г. Мусаев, районалъул лъай кьеялъул отделалъул нач. М. МухIамадов, Унсоколо №I школалъул учительница, РДялъул лъай кьеялъулгун гIелмуялъул министресталъул педсоветалъул член. М. ХIажиева.

Советалъул заседаниялда данде росана лъай кьеялъул лъагIали хIасилал, бицана лъай кьеялъул хIалтIулъ ругел лъикIагун квешал рахъазул. С. Меликовас кIвар бусинабуна В.В Путиница педогогасул хIалтIуда хурхун гьабураб к1алъаялде. Бихьизабуна исана улкаялъул нухмалъиялъ киналго шартIал гIуцIулел ругин лъимал кинабго х1ажатабщинаб чIезабун гIезариялде, гIолеб гIелалъе тIадеги лъай кьеялде.

Данделъиялда шапакъатал кьуна лъай кьеялъулгун гIелмуялъул хIалтIулъ ратIа рахъаразе.

Данделъи

## Лъим цIоронгутIиялъе



Районалъул бетIерасул тIоцевесев заместитель Хъ. М. ГIабдухаликъовас данделъи ахIана гьал къоязда «УСЗ ва ЖКХ» МБУялъул начальникги гьоркьов гIахьал гьавун. Гьениб гьоркьоб лъураб аслияб суаллъун букIана Шамильхъалаялда ва Рихьуни росулъ лъим чIезабиялда хурхун. Гьелдаго цадахъ цIикIкIараб кIвар кьун кодоxъ босун букIана суал резервуар цIакъго лъел цIезабичIого теялъул, хасалил цIорораб заманалда водопроводалъул ведкаби рахаялъул, ай лъим цIо-розе тунгутIиялъул.

Данделъиялда Шамильхъалаялъул ва Рихьуни росдал иш т1аде кколазда лъазабуна цIорой лъугIизегIан гьеб суал хъаравулъиялда гьоркь ч1езабиян . Гьединго лъел суалалда тIад хъаравуллъи гьабизе тIад къана ЖКХялъул специалист ХI. ХIусеновасда.

ДанчIвай

## ХIалтIаби унел куцалъухъ балагьана



**Гьал къоязда районалде вачIун вукIарав РДялъул лъай кьеялъул рахъалъ министр Я. Бучаев щвана лъай кьеялъул чанго учреждениялде.**

Районалъул бетIерасул заместитель Ж. Шамсудиновгун цадахъ гьес жинцаго хал гьабула лъай кьеялъул объектазул; исана хасаб кIвар кьеялда гьоркь бугеб Унсоколо бараб «Малютка» ясли-ахил, капиталияб къагIидаялъ ремонт гьабизегун базе кколеб Шамильхъалаялъул школалъул.

Лъалеб букIахъе ремонталъулал хIалтIаби унел руго районалъул администрациялъул минаялъул лъаба-билеб ункъабилеб этажалда. Гьенире рахъулел руго тIадехун рехсараб школалъул цIалдохъабиги: **Гьенир унел хIалтIабазе лъикIаб къимат кьуна министрас.** Къокъаб заманалда цIали байбихьизе буго гьениб. Гьал къоязда школалъул гIумроялъе хIажатабщинаб лъезе буго классазда.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 6 (7809)
8 Февраль Хамиз 2024 сон



**Дагъистаналда гьабун рагIалде бахъинабулеб буго «Строительный нодзор» информациялъулаб система. Гьеб хIажалъула ралел бакIазда хаду хал кквезе, кумек гьабула гьелъие хIажалъулел документал хIадуризе, хIалтIуда хадуб хал кквезе.**

**ТIадчIей гьабизин: Минстроялъул надзоралъул бакIал раялъул программа хIалтIулеб буго «Акцент-стройнадзор» ведомственнияб системаялда рекъон. Гьелда гьоркьоре уна ЕРКНМ, ЕГРЗ, ЕПГУ, ЮСУП, ГИСОГД, ГИС ГМП.**

# КИНАБГО РАХЪАЛЪ МИСАЛИЯЙ

**Аслияб къаг1идаялъ ракьалда т1ад г1умру гьабун руго к1иго бат1ияб тайпаялъул г1адамал: цоял жидее буголъи, ай гъурщал щведалг1орхъолъаунрохулел, цогидал жидехъан цогидазе кумек ккедал разиго рук1унел. Дир х1исабалда жакъа «гъурщилал» г1емерлъун руго. Х1алалаб маг1ишат гьабулел, рак1бац1ц1адал г1адамал г1аб-далзабилъун рик1к1унеб за-ман бач1ун буго.**

**Дир мадугьалихъ г1умру гьабун вугев «Дагъистан республикаялъул мустах1икъав муг1алим», Мух1амадил вас Сагьло-х1ажица дида абуна: «Мух1аммад, учительзаби, тох-турзаби рещцун хъвадарулев вук1инч1ого лъик1ал, маг1арул ях1-намус чорхолъ бессарал г1адамазул х1акъалъулъ щай дуца хъвалареб, цоги-даз гьездасан мисал босизе бук1ине». Муг1алимас бицана Ша-мильхъалаялда х1алт1улей йигей Рукъият х1акъалъулъ.**

Ккана дир гьелъулгун дандч1вай, х1акъикъаталдаги Рукъият-х1ажи ятана намусай, к1удиязул адаб ккурай ва цадахъ х1алт1улез адаб-х1урмат гьабулей унго-унгояй маг1арулай.Дир мурад лъайдал ц1акъ нечон лъугьана гьей.

--Рукъият-х1ажи, бокьилаан байбихьуда дурго х1акъалъулъ бицине

--Дун гьаюна 1976 соналъ Унсоколо росулъ, 1993 соналъ г1арцулаб медальгун лъуг1изабуна школа, гьебго соналъ ц1ализе лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб халкъияб маг1ишаталъул институталде. Экономистасул махщел щун хадуб анлъго моц1алъ х1алт1ана Унсоколо районалъул росдал маг1ишаталъул управлениялда, хадуб тасдикъ гьаюна райадминистрациялъул системияб администраторлъун, 2002 соналдаса нахъе х1алт1улей йиго УИЦлъул (Управление информационного центра) Дагъистан республикаялъул рищиязул комиссиялъул ведущий специалист- экспертлъун. Дида т1аде ккола районалда гьарулел кинал гьел ратаниги рищиязде х1адурлъи гьабизе ва гьел нухда



т1орит1изе. Нилъеца т1аде босараб х1алт1и гьеб ккола аманат, гьениб тасамах1лъи биччазе бегьуларо: г1асруялъул ункъил бут1аялдаса ц1ик1к1араб заманаялъ х1укуматалъул х1алт1уда х1алт1улаго дие цох1ониги нухалъ бадибч1вай щвеч1о... Бак1ккун бук1аго абизе ккола; Рукъият Мух1амаевалъул кабинеталъул къадада ч1ван руго гьелъул х1аракатаб х1алт1уе къимат кьун кьурал, Баркалаялъул кагътал, дипломал, Х1урматалъул грамотаби-анц1гоялдаса ц1ик1к1арал шапакъатал. Гьезда гьоркьоб буго Россиялъул рищиязул комиссиялъул (ЦИК) Баркалаялъул кагъатги (2016 с.). Намусаб хасияталъ ва исламияб рет1а-къаялдасанги бихьулеб бук1ана гьей динალда т1адч1арай г1адан йик1ин. Аварагасул х1адисазда ва маг1арул кицаби-абиязда т1асан хабар ккедал Рукъият-х1ажица абуна: бищунго дие бокьулеб аварагасул х1адис буго «Бищунго лъик1ал г1амалаздасан ккола сабруяв вук1ин ва рек1елъ жахIда-х1усуд гьеч1олъи.Сабурлъи-гвангъараб нур буго» абураб. Маг1арулазул аби «Дуего бокьулареб чидае гьабуге, цогидазул сурун бихьаралдаса мунгоги ц1уне»,-ян.

--Г1адамазул кинал хасиятал дуда бищунго берцин рихьулел?

--Рак1бац1ц1алъи, жавабчилъи, байбихьараб иш раг1алде бахъинабизе бахъулеб ях1, жигар (упорство)…

Цадахъ х1алт1улезда г1адин лъик1го чиясул г1амал-хасият лъаларелъул, дица Рукъият Мух1амаевалъул х1акъалъулъ гьикъана райсобраниялъул депутатазул нухмалъулев Юсупов Мух1аммадида. «Дида гьей лъала г1емерал соназ цадахъ х1алт1улей йик1иналдалъун. Гъваридаб лъаялъул специалист йик1иналъ г1емерав чи вач1уна гьелъухъе г1акълу дандбазе. Кутакалда сабуралда, г1одое йиччан г1енеккула Рукъият аск1ове вач1арасухъ ва рак1алда ч1оледухъ бич1ч1изабула лъалареб жо. Гьелъул кабинеталъуре кида щваниги компьюторалда нахъа г1одой ч1ун х1алт1улей ятула, цох1о минутги г1адада биччаларо гьелъ,-абун. Инсан х1исабалда абуни к1удиязул адаб ва гьит1иназул т1алаб т1адаб ишлъун буго гьелъие, гьимун гурони Рукъият- х1ажи к1алъалей йихьич1о». Районалъул рищиязул комиссиялъул председатель Камил Мух1амадг1алиевас бицана: «Цогидазе жиндихъан кумек щведал йохулей, ц1акъ жавабчилъи ц1ик1к1арай г1адан йиго Рукъият-х1ажи. Гьелъул цщимго бахъунадай абун рак1алде ккола дида цо-цо мехалъ, рак1 г1ат1идай, г1амал берцинай йиго нижер Рукъият-х1ажи». Рукъиятица ва рос Лабазаница лъик1аб тарбия кьун г1езабулеб буго лъабго лъимер, рак1алде ккола гьелги эбелго г1адал г1адамазе пайдаял чаг1илъун лъугьинилан. Эбел-эмен Ах1мад ва Пат1имат гурелги Унсоколо росого ч1ух1изе бегьила лъик1аб тарбия ва лъай щварай, щвараб г1ор г1адай, жигарай Рукъият-х1ажиялдаса. Аллагьас халатаб г1умруги щулияб сахлъиги кьун, нусго соналъ ракьалда т1ад тайги мун, лъик1ай Инсан!

**МухIаммад ГЪАЗИМУХIАММАДОВ**

Сахлъи

## Лъим гIемер гьекъе

**КIудияв гIурав чиясул организмалъе щибаб къойил хIа-жалъула 40 стакан лъел.**

**Гьеб гуребги 8-I0 стакан лъел тIалаб гьабула жибго хIалтIизе ккани ургьисалабаз, бакькIачалъ, суставаз, пайдаял жал риинарулел ва гIемерал цогидалги жалаз.**

Нужеда ракIалдейищ кколеб чаялъул,кофеялъул чурпабазул, соказул къуват гIолин къеч нахъ чIвазе,-абун? Нуж мекъи кколел руго. Организмалда жаниб гIураб лъамалъи гьечIолъиялъ гIемерлъула рекIелгун бидурихьазул унтаби лъугьин, лъугьуна астма, диабет, аллергия, рак унтигицин. Щайгурелъул организмалъе хIалтIизе гIолеб букIунаро лъамалъи, гьелъ захIмалъула гьелъие жибго жаниса



бацIцIад гьабизеги.

Лъим гIолеб гьечIолъиялъ рак унти лъугьине рес буго бакькIачалъулъ, молочниял железабазулъ, поджелудочнияб железаялъулъги. ГIураб къадаралда лъим гIолеб гьечIолъиялъ организмалъ байбихьула лъел бугеб къадар экономиялда хIалтIизабизе, тIоцесеб иргаялда гIемераб лъим хIажалъула мозг хIалтIизабизе. Гьедин лъим гIеч1они шлаказул цIола черх. Рукьбузул бутIаялъе гIураб къадаралда лъим гIолеб гьечIони, байбихьула артрит, ревматизм. Лъим гIолеб гьечIолъиялъ тIеренлъула цIалал, гьелъ унтула ва хехго хола хрящал.

ГьодичIалие, ай позвонкаялъул, гьоркьор бакIазе къуват кьола лъеца. 75 % тIадехунисеб бутIа чорхол ккун букIуна лъел къуваталъ.

# ТЕРРИТОРИАЛЬНЫЙ ФОНД ОБЯЗАТЕЛЬНОГО МЕДИЦИНСКОГО СТРАХОВАНИЯ РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН ИНФОРМИРУЕТ!

**Уважаемые дагестанцы!**

Просим проверить в Личном кабинете на портале Госуслуг информацию об оказанной Вам медицинских организациями республики медицинской помощи и ее стоимости! В случае выявления НЕ оказанной Вам медицинской помощи, незамедлительно сообщать в ТФОМС РД по следующим каналам связи: на электронный адрес: direct @ fomsrd . ru ; на официальный сайт ТФОМС РД http://fomsrd.ru/ , раздел: «Направить обращение»; почтовым сообщением:367008, г.Махачкала, ул.Ляхова, 47а; при очном обращении в Отдел защиты прав застрахованных лиц.

В обращении необходимо указать ФИО, адрес, контактный телефон, с приложением информации, которую считаете недостоверной.

«Горячие линии» Территориального фонда ОМС и страховой компании филиал АО «Макс-М» в г. Махачкале функционируют на базе единого «Контакт-центра» системы

**ОМС Республики Дагестан, по номерам:**
**8-800-2222-905 (звонок бесплатный),**
**страховой компании филиал АО «Макс-М» в г. Махачкале:**
**8-800-333-06-03**
**(звонок бесплатный, круглосуточный)**
**Буйнакский филиал ТФОМС**

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 6 (7809)
Хамиз
8 Фераль 2024 г

3 гьумер

# С а д о в о д

Страница в номере



# «Жакъасеб заманаялъул бахIарзал!»

**Киналго заманабазул букIуна жедеего хасиятаб чвахи. Нилъер улкаялъул гIадамазул гIумроялъулъ гьеб букIана гIемер батIи-батIиял рагъазда хурхараб. Г1одобе биччараб гIумро россиялъулазеги тун чIезе кIолеб гьечIо дунялалъулго чIахIиял халкъазда. Мисалалъе босани, тIоцебесеб ВатIанияб рагъги гьабун, нилъ хIалтIикь лъезе пикру гьабуна колониалиял улкабаз. КIиабилеб ВатIанияб рагъулъ гьез тIолабго къуват рехун букIана кьучIдасанго советияб хIукуматги халкъги лъугIизабиялде. КкечIо гьелъулги хIасил. Гьанжее Россиялъул цо-цо точкабазда цIаги лъун, жиндерго цебесеб мурад гIумроялде бахъинабизе тIолабго къуват рехун буго гIаданлъи, яхI-намус гьечIел къватIисел тущбабаз. Кинабго жаниб бугеб Россиялъул улка кверзукьеги босун, жидерго «меседилаб миллиард» ракьалда хутIиялъе кинабго гьабулеб буго гьез. Гьедин «хвелищ гIумройиш» абураб рамкаялда жаниб лъун буго россиялъулазул гIумро. Гьеб бичIчIарал улкацояз унго-унголъунги кинабго захIмалъиги къулчIун, цIунун буго нилъер дунялго хIайранаб гIаданлъиялъулги намус-ах1алъулги улка.**

**Аллагьас къуват кьеги нилъее ВатIан цIунизеги кквезеги. Гьедин жакъа гъоркьехун нижеца кьолеб буго Украиналъул рагъулъ бахIарчилъиялда рагъулел районалъул васасул хIакъалъулъ хIакъикъиял баяназдасан гIуцIараб материалал.**

СВО: гIицIго бергьенлъи

## Щивасе мисаллъунги чIун

Украиналда унеб хассаб рагъулаб операциялда вахъарав сержант ГIабасов ГIабдула МухIамадович ккола нилъер районалъул Рихьуни росулъа. Рагъулаб операция тIобитIулел тIоцересел къояздаса нахъе гIахьаллъулев вуго гIолилав рагъулал ишазулъ.

2002 соналда гьавурав гIолилас гьанжеялдего цебетIураб рагъулаб нух нахъа тун букIиналъе гIилла буго гIумроялдехун цIодораб бербалагьи букIин, гьелъие гIоло гIолилав жиндаго тIад хIалтIулев вукIин. Щибаб лъугьунеб ишалъе битIараб къимат кьолев рагъул гIахьалчияс некIого нахъа тана СВОялъул рагъулал ишазулъан 68 танказулаб полкалъул командирлъиялдаса БМПялъул отделениялъул командирасул хъулухъалде щвезегIан рагъулаб нух, гIолохъанго къулчIана гьенир рагъулал къварилъаби, квач-цIорой. ГьабсагIаталда абуни гьес хъулухъ гьабулеб буго медицинаялъул батальоналда водительлъунги хIалтIулаго лъукъаразул гIумро хвасар гьабулеб батальоналда. Щибал



рахъазул точкабазда хехаб ва цIодораб хIалтIиги гIуцIун, гIолиласул къукъаялъ лъукъарал раччула хIинкъи гьечIел бакIазде, хадуб санчасталде, хал ккола щивав лъукъарасул бугеб хIалалда хадуб.

РакI-ракIалъ лъугьунелъе къимат кьун хIалтIи гIуцIулев гIолилав хехго ватана шапакъатаздаги. Рагъ унеб заманаялда жаниб ГIабдула ГIабасов вахъана «Украиналда унел рагъулал ишазул ветеранлъун», щвана гьединаб медаль. Новочеркасск шагьаралда гьесие кьуна «За участие специальной операции в Украине» медальги. Гьелде щвезегIанги 202I соналда ГIабдулагьие щун букIана Доналда бугеб Ростовалда парадалда гIахьаллъиялъе гIоло медальги.

ГIолилав вуго цадахъ ругезда гьоркьов бищунго мисалиявлъун, цевехъанлъун. ГIолиласе жеги щвана квержубан рагъулъ КСМ значок, ишалъулъ ватIа гьавиялъул значок, Гвардейцасул значокги.

Гьале гIолилазе жакъасеб мисал босизе чи. ГIабдула ГIабасовас мисал бихьизабулеб буго кинабго рахъалъ, виччанте гьев хутIизе хадубккунисеб гIумроялда гIолеб гIелалъе даимаб мисаллъун. Щивасул гурелъул бажарулеб хIинкъи-къай лъачIого гIажалаб гIумроялда дандехун ине.

ГIабдула ГIабасовасул эмен МухIамад ГIабасовги жеги гIахьаллъулев вуго хасаб рагъулаб операциялда. Рагъ байбихьизегIан, ай анцIго соналъ цевего ана гьев росу-ракьги тун, ВатIаналъул тIалабал тIуразе. Жакъа къоялдаги эменги васги руго халкъалъул хIалхьиги цIунун, цIадулал рагъал унел бакIазда. Гьедин МухIамад ГIабасовас жиндирго мисалалдалъун куцана ритIухъав, халкъалъе пайдаяв, гIумро ракьалда цIуниялъе цIадулъе унев, ВатIаналъе ритIухъав рагъухъан.

Нилъер районалдаса гьайбатал гIадамал инсуцаги васасги кIудияб бутIа лъолеб буго жакъа дуняламдаго тIибитIараб балагьаб гIумро битIа-бишизабиялъе жаваб кьолеб хасаб рагъулаб операциялда. Районги улкаги чIухIизе бегьула гьездаса.

ГIагарлъун буго ракълил заман. Кинго къвине чIезе гьечIо Россияги гьелъул гIадамалги. ГIагаразухъе хехаб тIадруссинги битIккейги гьарула, нужее Ват1аналъул васал Аллагьас балагьаздаса цIунаги нуж, мустахIикъал бахIарзал!

**Консультация**

### Порядок возмещения денежных затрат при получении медицинской специализированной помощи в рамках ТП

Можно ли вернуть деньги, потраченные застрахованным пациентом на лекарства и медицинские средства, которые должны были быть ему предоставлены в рамках программы государственных гарантий? Да, можно. При этом главным основанием для возврата будет тот факт, что лечение пациента должно было быть профинансировано из средств ОМС, но пациент при этом понёс дополнительные расходы. В нашей стране существуют две медицинские программы страхования базовая и территориальная. Базовая действует по всей стране, и ею могут воспользоваться все участники программы страхования. Территориальная отличается в зависимости от конкретного региона и предполагает дополнительные льготы для некоторых категорий населения. Поэтому особенности территориальной программы, финансирование которой обеспечивает ФОНД ОМС может изменяться в различных регионах. Медицинские услуги по ОМС могут оказывать как государственные, так и частные медицинские организации, работающие в системе ОМС. Важно, чтобы медицинская организация соответствовала всем необходимым требованиям (наличие лицензии, соответствующая материально –техническая база, кадровое обеспечение и т.д.). Чтобы иметь право на возврат средств, у пациента должно имеется подтверждённое врачом заболевание, ситуация, когда медицинская организация, в которой лечиться больной, по той или иной причине, не может оказать помощь и пациент вынужден приобретать медикаменты или инструменты за свой счёт.

**Для возврата средств за лечение понадобятся следующие документы:**

-Паспорт,

-Полис ОМС,

-Копия медицинской документации (выписка из истории болезни), листа назначений или иного документа, подтверждающего диагноз и назначенное лечение,

-Договор с медицинским учреждением на оказание платных услуг (для налогового вычета)

-Документы о понесённых расходах при покупке медикаментов или медицинских изделий (чеки, выписка, квитанции),

-Номер банковского счёта, куда планируется возврат средств.

**Алгоритм действий:**

Обращение пациента в страховую компанию с заявлением и всеми указанными выше документами. Заявление рассматривается в страховой компании 30 дней, далее принимается решение. При положительном решении деньги зачислят насчёт пациента. Если страховая компания приняла отрицательное решение, пациент имеет право обратиться в суд.

**Правомерный отказ будет в случае:**

Если медицинская организация не работает в системе ОМС, Если нет назначения врача и пациент купил себе лекарство сам по-своему желанию. Если пациент оплатил лекарства, которые не входят в бесплатны список по программе ОМС.

**Буйнакский филиал ТФОМС**

# СПРАВОЧНАЯ ИНФОРМАЦИЯ

**Землетрясение** – подземные толчки, возникающие в результате внезапных смещений и разрывов в земной коре или верхней части мантии Земли и передающиеся на боль- шие расстояния в



виде упругих колебаний.

Интенсивность землетрясения оценивается по 12-балльной шкале сейсмической интенсивности Медведева-Шпонхойе- ра-Карника (MSK-64). Явления, предшествующие землетрясениям: предварительные слабые толчки; появление трещин (разрывов) в земле; изменение уровня воды в колодцах; появление запаха газа в районах, где до этого воздух был необычное (беспокойное) поведение животных; приглушенный гул, звучащий издалека.

Основные причины травматизма и гибели людей при землетрясении: разрушение зданий и сооружений, пожа- ры, паника.

**КАК ПОДГОТОВИТЬСЯ К ЗЕМЛЕТРЯСЕНИЮ**

При угрозе землетрясе- возможной угрозе землетря- сения отодвиньте кровати от заранее подготовьте окон и внешних стен, тяже- документы, запас воды, лые и бьющиеся предметы еды, теплые вещи, лекар- (вещи) сложите на пол; при ственные препараты; при эвакуации возьмите подго- получении сообщения о товленные вещи, отключите газ, электричество, воду.

На первом этаже здания: срочно покиньте здание – выбегайте на улицу на открытое место (в вашем распоряжении 15-20 секунд) На верхних этажах здания: встаньте возле капитальных стен, опорных колонн в узких коридорах внутри здания или в дверных проемах, предварительно открыв двери; спрячьтесь под стол или кровать, закройте лицо руками. Как только толчки прекратятся, немедленно выходите из здания на открытое место.

**ОПАСНО:** укрываться рядом с окнами и мебелью со стеклом; стоять рядом с тяжелыми, громоздкими предметами; прыгать из окон или с балконов, если вы живете выше первого этажа; пользоваться источниками открытого огня во время и сразу после подземных толчков.

**ЗАПРЕЩАЕТСЯ** пользоваться лифтом. На улице: отойдите как можно дальше от зданий, высоких столбов и заборов; при нахождении в местах большого скопления людей и при возникновении паники двигай- тесь в направлении движения толпы.

Если вы упали, постарайтесь встать на одно колено и рывком подняться в сторону движения. В автомобиле: остановите автомобиль в месте, где отсутствует угроза обрушения и создания помех движе- нию другого транспорта;

откройте двери машины, чтобы при необходимости можно было быстро выйти.

**ЧТО ДЕЛАТЬ ПОСЛЕ ЗЕМЛЕТРЯСЕНИЯ**

**На улице:**

убедитесь в отсутствии у себя ранений; окажите первую помощь себе и пострадавшим; обходите явно поврежден- ные здания и сооружения; входите в здания только после официального разре- шения.

**Дома:**

**ЗАПРЕЩАЕТСЯ** пользовать-войдя в квартиру, проверьте дайте информацию спаса-ся лифтом и использовать исправность электропровод- телям и в соответствующую источники открытого огня ки, газо- и водопровода. Если службу; имеются повреждения то небольшие очаги возгора- следует их отключить; ния постарайтесь потушить аккуратно передвигайтесь при наличии в помещении самостоятельно, в противном по лестничным пролетам; запаха газа откройте все окна случае вызовите пожарных. исключите контакт с и двери, покиньте помещение, разрушенными элементами предупредите соседей. Пере- здания;

**ЕСЛИ ВЫ ОКАЗАЛИСЬ В ЗАВАЛЕ:** сориентируйтесь в пространстве, опреде- лите, где вы находитесь; осмотритесь, поищите возможный выход;

**ЗАПРЕЩАЕТСЯ** использовать источ- ники открытого огня.

При отсутствии выхода, укрепите завал подпорками; если рука или нога зажаты обломками, вытаскивать ее силой опасно – это может спровоцировать дальнейшее обрушение; периодически разминай те руки и ноги; прислушайтесь, есть ли рядом другие люди, подавайте сигналы бедствия голосом, стучите различными твердыми предметами, желательно металлическими.

**телефоны вызовы экстреных служб**
**единая служба спасения - 112**
**Пожарная (МЧС)-101**
**Полиция -102**
**Скорая Помощь - 103**
**Аварийная Горгаза- 104**

# Вакансии ф.с.б.

Уважаемые граждане Унцукульского района! В настоящее время Пограничным управлением ФСБ России по г. Санкт-Петербургу и Ленинградской области (далее-Управление ) осуществляется подбор кандидатов для прохождения военной службы по контракту в подразделениях ведомства на различные должности.

Имеющиеся вакансии:
1)Контролер подразделения пограничного контроля;
2)Контролер комендантского отделения;
3)Специалист плавсостава береговой охраны;
4)Специалист радиотехнического поста;
5)Инструктор разведывательно-поисковой группы;
6)Вожатый служебной собаки (кинолог)
7)Водитель;
8)Повар;
9)Фельдшер.

Допускаются граждане от 18 до 42 лет, уровень образования не ниже среднего (полного общего(11классов), не имеющие судимостей ,годные по состоянию здоровья к военной службе.

Граждане желающие устроиться на работу и подходящие по категориям могут обратиться в Центр занятости «Унцукульского района» !

## Вакансии в АСЗ АО Судоремонта

ГКУ РД ЦЗН в МО «Унцукульский район» сообщает о наличии, свободных рабочих мест и вакантных должностей на предприятий «АСЗ» АО «Центр Судоремонта «Звездочка», включенного в сводный реестр предприятий оборонно-промышленного комплекса, сформированный Министерством промышленности и торговли Российской Федерации.

Для трудоустройства «АСЗ» АО «Центр Судоремонта «Звездочка требуются следующие специалисты:

1.Строитель кораблей по вооружению и военной технике,
2. Инженер-технолог 1 категории,
3. Инженер отдела подготовки производства,
4. Слесарь-судоремонтник 5-6 разряда,
5. Инженер – технолог,
6. Инженер-технолог в области судостроения,
7. Оператор котельной,
8. Инженер-конструктор,
9. Мастер отдела технического контроля,
10.Главный энергетик (в прочих отраслях),
11. Мастер цеха,
12. Сборщик корпусов металлических судов,
13. Инженер,
14. Инженер — проектировщик судостроения,
15. Маляр судовой 5-6 разряда,
16. Сборщик,
17.Трубопроводчик судовой,
18.Электросварщик ручной сварки 5 разряда — 6 разряда,
19. комплектовщик изделий и инструментов,
20.Электросварщик на автоматических и полуавтоматических машинах,
21. Изолировщик судовой,
22. Сборщик - достройщик судовой,
23. Комплектовщик, Стропальщик,
24. Инженер-конструктор,
25. Строитель кораблей,
26. инженер по охране окружающей среды (эколог),
27. Подсобный рабочий,

***Желающих трудоустроиться просим обратиться в ГКУ РД ЦЗН в МО «Унцукульский район», ул. М.Мустафаева ,30***

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 07. 02. 2024г.
17. 10
фактически -18 . 00 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.